

## **BAB 1**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Pangajaran Basa Sunda ngawengku opat aspek kaparigelan basa, nya éta kaparigelan ngaregepkeun (*listening skills*), kaparigelan nyarita (*speaking skills*), kaparigelan maca (*reading skills*), jeung kaparigelan nulis (*writing skills*). Ieu opat kaparigelan téh kudu bisa dicangking ku siswa, sarta mangrupa hiji beungkeutan anu teu bisa dipisahkeun tur silih mangaruhan. Dumasar kana jenis kagiatanana, ieu kaparigelan téh dibagi jadi dua nya éta kaparigelan réséptif jeung kaparigelan produktif. Kaparigelan réséptif ngawengku ngaregepkeun jeung maca, sedengkeun kaparigelan anu produktif ngawengku nulis jeung nyarita.

Nulis téh mangrupa kaparigelan anu kaopat sanggeus ngaregepkeun, nyarita jeung maca. Ieu kaparigelan téh mangrupa hiji kagiatan anu produktif jeung eksprésif (Tarigan, 2008:3).

Nulis nya éta nurunkeun lambang-lambang grafik anu mangrupa gambaran basa hiji jalma. Ieu kagiatan téh mangrupa wawakil tina gemblengan basa, nu kaasup prosés komunikasi teu langsung. Ieu hal pisan anu ngabédakeun antara nulis jeung ngagambar.

Prosés komunikasi lumangsung ngaliwatan tilu media, nya éta: (1) *Visual* atawa *nonverbal*; (2) *Oral* (lisan); jeung (3) *Written* (tulis).

Nulis téh hiji kagiatan anu bisa ngahudang mikir kritis siswa, ku sabab dina nulis aya sababaraha aspek nu kudu diperhatikeun, di antarana grafologi, struktur basa jeung kosa kecap. Ku kituna, nulis téh lain hiji kagiatan anu babari, tapi mangrupa kagiatan anu mikabutuh kaparigelan jeung prosés mikir anu jero.

Sok sanajan nulis mangrupa kagiatan anu dianggap hésé, tapi nulis téh jadi kawajiban husus pikeun dunya atikan, utamana dina widang kabasaan. Dumasar SKKD Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda di tingkat SMA/SMK/MA kelas X, aya sababaraha matéri dina pangajaran nulis anu kudu ditepikeun ka siswa, di antarana nya éta nulis biografi (riwayat hirup), anu kunggel dina standar kompetensi 10.4 anu unina *siswa mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran*,

*perasaan, dan keinginan dalam bentuk terjemahan, menggunakan aksara Sunda, serta menulis biografi.*

Anu ditalungtik dina ieu panalungtikan nya éta nulis biografi. Tina standar kompetensi di luhur geus écés pisan ýen nulis biografi téh miboga tujuan sangkan siswa mampuh ngébréhkeun pikiran, rasa jeung kahayang. Disagédéngéun éta, mangpaat tina nulis biografi ogé nya éta siswa bisa nganalisis jeung ngajéntrékeun deui kahirupan jalma anu ditulisna dumasar fakta-fakta anu aya, jeung bisa nyokot picontoeun pikeun kahirupan maranéhna.

Lian di tingkatan SMA, nulis biografi ogé ditepikeun di SMP. Nilik kana ieu hal, pangalaman siswa diajar nulis biografi nalika SMP téh bisa dijadikeun acuan atawa patokan. Ku kituna, di tingkat SMA siswa diperedih pikeun bisa leuwih paham kana nulis biografi, nepika bisa nyieun tulisan anu leuwih hadé jeung jembar tibatan saméméhna.

Sok sanajan kungsi diajarkeun saméméhna, matéri nulis biografi teu bisa disapirakeun. Sabab, dina kanyataanana siswa masih kénéh can bisa méré hasil anu nyugemakeun, di antarana can nyumponan komponén-komponén anu jadi sarat dina biografi (kerangka karangan, kajadian penting jeung kronologi kahirupan), jeung tata basa anu kurang merenah. Pikeun ngahontal tujuan pangajaran, ku kituna kudu aya tarékah pikeun ngungkul anu masalah.

Suksésna hiji pangajaran gumantung kana kalancaran nalika prosés diajar-ngajar. Salah sahiji hal anu kudu aya jeung dijadikeun cecekelan ku guru dina ngajar nya éta modél pangajaran. Ieu hal luyu jeung pamadegan Rahman (2009:7), anu nétélakeun yén modél pangajaran mangrupa padoman pikeun guru jeung murid dina prosés diajar-ngajar.

Guru kudu rancagé pikeun milih pangajaran anu cocog, sangkan tujuan pangajaran bisa kahontal, jeung ngahudangkeun karesep siswa diajar basa Sunda. Ku sabab nulis mangrupa kagiatan anu kompleks, ku kituna kudu aya hiji modél anu bisa mantuan siswa pikeun méré stimulus sangkan leuwih babari dina ngaluarkeun eusi pikiranana. Buzan (2004:32) nétélakeun:

*“Mind Map mempunyai banyak kelebihan, termasuk diantaranya kelebihan dapat menghemat waktu, mengatur dan menjernihkan pikiran, menghasilkan gagasan-gagasan baru, dapat mengikuti perkembangan hal-hal yang sedang*

dilakukan, memperbaiki daya ingat dan konsentrasi secara dramatis, menstimulasikan lebih banyak bagian otak, memudahkan melihat gambaran keseluruhan perihal sesuatu”.

*Mind Mapping* nya éta hiji modél pangajaran anu konsépna mangrupa gambar anu ngarancabang saperti peta. Ku ayana ieu modél, dipiharep siswa bisa ngaluarkeun ide-ide anu aya patalina jeung téma. Ieu modél téh ngarojong siswa sangkan ngébréhkeun eusi pikiran atawa gagasanana ngaliwatan pola-pola anu tangtu. Sanggeus pola-pola éta disusun ngawangun hiji beungkeutan anu sinambung, tangtuna waé siswa bisa leuwih babari nalika nulis biografi, sabab pola-pola anu geus disusun tadi bisa jadi rarancang tina hiji tulisan anu gembleng.

Panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *Mind Mapping* lain anu munggaran dilaksanakeun. Saméméhna geus aya panalungtikan anu dilaksanakeun ku Mardhotillah (2011), kalayan judul “*Modél Mind Map dina Pangajaran Nulis Karangan Déskripsi (Studi kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VII G SMPN 15 Bandung Taun Ajaran 2010/2011)*”. Salian ti éta aya ogé panalungtikan ngeunaan *Mind Mapping* anu dilaksanakeun ku Fartika (2012), kalayan judul “*Modél Mind Mapping dina Pangajaran Nulis Sajak (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII D SMP Pasundan 4 Bandung Taun Ajaran 2011-2012)*”. Lian ti panalungtikan ngeunaan modél *Mind Mapping*, aya ogé sawatara panalungtikan ngeunaan biografi. Di antara panalungtikan ngeunaan biografi nya éta panalungtikan anu dilaksanakeun ku Rahayu (2011), kalayan judul “*Éfektifitas Media Majalah Dinding (Mading) dina Pangajaran Nulis Biografi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X Multimedia-1 SMK Pasundan 3 Kota Bandung)*”, jeung panalungtikan anu dilaksanakeun ku Satriadi (2011), kalayan judul “*Téknik Wawancara pikeun Ningkatkeun Kamampuh Nulis Biografi (Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas X-E SMA Pasundan 1 Bandung Taun Ajaran 2010/2011)*”

Lantaran modé'l *Mind Mapping* can kungsi dilarapkeun kana pangajaran nulis biografi, panalungtik ngarasa kairut pikeun nalungtik ieu masalah. Ku kituna ieu skripsi dijuduluan “*Modé'l Mind Mapping pikeun Pangajaran Nulis Biografi (Studi Kuasi Ékspérímén ka Siswa Kelas X-9 SMA Negeri 9 Bandung Taun Ajaran 2012-2013)*”.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Sangkan teu lega teuing ambahana, ieu panalungtikan baris diwatesanan dumasar kana dua kategori, nya éta kategori linguistik jeung non linguistik. Tina segi linguistik, ieu panalungtikan diwatesanan pikeun maluruh ngeunaan tatabasa jeung éjahan. Sedengkeun tina segi non linguistik ieu panalungtikan diwatesanan pikeun maluruh ngeunaan eusi jeung organisasi eusi tina karangan biografi.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana watesan masalah di luhur, ku kituna masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun ieu di handap.

1. Kumaha kamampuh nulis biografi siswa kelas X-9 SMAN 9 Bandung taun ajaran 2012/2013 saméméh ngagunakeun modé'l *Mind Mapping*?
2. Kumaha kamampuh nulis biografi siswa kelas X-9 SMAN 9 Bandung taun ajaran 2012/2013 sabada ngagunakeun modé'l *Mind Mapping*?
3. Naha aya bédana kamampuh nulis biografi siswa kelas X-9 SMAN 9 Bandung taun ajaran 2012/2013 antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modé'l *Mind Mapping*?

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku tujuan umun jeung tujuan husus, anu baris dipedar di handap.

### **1.3.1 Tujuan Umum**

Luyu jeung masalah anu dipedar di luhur, tujuan umum tina ieu panalungtikan téh nya éta pikeun mikanyaho éfektivitas modél *Mind Mapping* dina pangajaran nulis biografi di kelas X-9 SMAN 9 Bandung taun ajaran 2012-2013.

### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsiéun:

1. kamampuh siswa kelas X-9 SMAN 9 Bandung taun ajaran 2012/2013 dina nulis biografi saméméh ngagunakeun model pangajaran *Mind Mapping*.
2. kamampuh siswa kelas X-9 SMAN 9 Bandung taun ajaran 2012/2013 dina nulis biografi sabada ngagunakeun modél pangajaran *Mind Mapping*.
3. kamampuh siswa kelas X-9 SMAN 9 Bandung taun ajaran 2012/2013 dina nulis biografi antara saméméh jeung sabada ngagunakeun model pangajaran *Mind Mapping*.

## **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis, anu baris dipedar ieu di handap.

### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara téoritis hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban deui pangajaran Basa Sunda, utamana dina milih modél pangajaran. Guru anu bisa ngalarapkeun modél anu cocog, pasti bisa ngahontal tujuan pangajaran jeung ngirut siswa pikeun diajar.

### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Anapon mangpaat praktis tina ieu panalungtikan baris ditataan di handap.

1. Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh hususna ngeunaan mangpaat modél pangajaran *Mind Mapping*.
2. Méré déskripsi ka guru ngeunaan nulis biografi.

3. Siswa bisa nulis biografi kalawan merenah.
4. Ngaronjatkeun aktifitas siswa nulis biografi.

## **1.4 Raraga Tulisan**

### **Bab 1**

Bab 1 mangrupa bab anu munggaran dina ieu skripsi. Ieu bab ngawengku kasang tukang masalah, watesan masalah jeung rumusan masalah panalungtikan, tujuan diayakeun ieu panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan tina ieu skripsi.

### **Bab II**

Bab II mangrupa bab anu medar ngeunaan tiori-tiori anu aya dina panalungtikan sacara leuwih jembar jeung leuwih jero. Ieu bab ngawengku kajian pustaka anu dijerona medar ngeunaan tiori modél pangajaran *Mind Mapping*, tiori nulis, jeung karangan biografi.

### **Bab III**

Bab III medar ngeunaan metodologi anu dipaké dina ieu panalungtikan. Eusina ngeunaan pedaran anu rinci ngeunaan metode penelitian, kaasup sababaraha komponén, di antarana: sumber data panalungtikan, desain panalungtikan, metode panalungtikan, variabel jeung wangenan operasional, instrumen panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, sarta téhnik nganalisis data.

### **Bab IV**

Bab IV mangrupa bab anu ngadéskripsiéun hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun. Bab opat ieu ngawengku prak-prakan panalungtikan, analisis data tina hasil panalungtikan, jeung pedaran ngeunaan kaéfektifan modél pangajaran *Mind Mapping* dina nulis biografi.

### **Bab V**

Bab V ngawengku kacindekan tina sakabéh pedaran anu geus dibahas jeung saran atawa rékoméndasi pikeun panalungtikan anu dilaksanakeun sabada ieu panalungtikan.